

## Top 10 Nan Lis Preparasyon Pou Sezon Siklòn



Sezon siklòn se yon bon tan pou n fè lis. Nou prepare youn apati de sous fyab, tankou Ajans Federal Jesyon Ijans (FEMA) ak Lakwa Wouj Ameriken, pou ede ou ak fanmi ou reziste tanpèt la.

1. *Kreye yon plan ijans:* Devlope yon plan ki gen ladan wout evakyasyon, pwen rankont, ak kontak ijans.
2. *Prepare yon Kit ijans:* Fè pwovizyon atik nesèsè ak manje ki pa ka gate, dlo, founiti premye swen, flach, pil, ak radyo ki itilize batri.
3. *Sekirize dokiman enpòtan:* Kenbe dokiman enpòtan tankou polis asirans, idantifikasyon, ak rapò medikal nan yon veso ki ka reziste dlo epi ki pòtab.
4. *Prepare kay ou:* Enstale pano anti siklòn, koupe pye bwa yo, sekirize mèb deyò yo, epi asire ou ke twati kay la nan bon kondisyon.
5. *Aprann wout evakyasyon ou:* Familiarize ou ak zòn epi wout evakyasyon lokal ou.
6. *Gen yon plan kominikasyon:* Etabli yon plan pou kominike ak manm fanmi an pandan e apre siklòn nan.
7. *Ranpli tank gaz ou:* Kenbe tank gaz machin ou ranpli pou si ou ta bezwen evakye rapidman.
8. *Gen lajan kach:* Retire anpe lajan kach pou si ATM ak machin kat kredi yo pa fonksyone akòz blakawout.

9. *Chaje aparèy elektwonik:* Asire ou ke telefòn ou, laptop, ak lòt aparèy elektwonik ou foul ak chaj anvan siklòn nan frape.

10. *Rete enfòmè:* Siveye aktyalite lokal yo ak rapò meteyo yo pou gen aktyalizasyon sou wout siklòn lan ak lòd evakyasyon yo. Rezo [Ijans Radyo Piblik Florida](#) se yon lòt gwo sous enfòmasyon. Yo menm gen yon [aplikasyon mobil](#).

## Ou Gen Timoun? Aktivite Pandan Tanpèt pou Okipe Jèn yo



Kenbe timoun yo aktif ka deja tankou yon travay apantan lè gen bon tan, e li ka yon pi gwo defi toujou lè pa gen kouran. Rale yon gwo souf. Tout bagay

pral anfòm. Men kèk aktivite anndan kay san danje e amizan pou timoun lè ou pa gen rezò.

**Jwèt planch ak puzzle:** Anpil jwèt planch ak puzzle ka jwe san elekrisite, sa ki founi divètisman ak estimilasyon mantal.

**Atizay ak travay manyèl:** Desinen, kolorye, pentire, oswa kreye travay manyèl lè n itilize materyèl tankou papye, krayon, makè ak sizò.

**Lekti ak rakonte listwa:** Fè lekti liv ansanm oswa apa se yon gwo fason pou fè tan an pase. Ankouraje timoun yo kreye pwòp istwa yo oswa patisipe nan aktivite rakonte istwa.

**Lachas trezò anndan kay:** Kreye yon lis atik pou timoun yo jwenn anndan kay la, asire ou ke atik yo an sekirite epi fasil pou jwenn.

**Jwèt kat:** Jwe divès jwèt kat ki adapte a laj timoun yo, tankou Go Fish, Old Maid, oswa Crazy Eights.

**Charad oswa lòt jwèt aktè:** Jwe charad (Devinèt) oswa lòt jwèt kote w ap jwe wòl aktè ki ankouraje kreyativite, travay ekip, ak ladrès kominikasyon.

**Kan anndan kay:** Monte yon tant oswa kreye yon fòtrès lè w itilize kouvèti lèn ak zòrye. Timoun yo ka pretann ke yo nan yon kan anndan kay ak flach ak fouwo oswa sak moun konn dòmi anndan yo a.

**Origami ak jwèt travay an papye:** Montre timoun yo kijan yo ka fè kèk fòm origami senp oswa lòt travay an papye lè nou itilize resous ki disponib.

**Jwèt imajinasyon:** Ankouraje timoun yo patisipe nan jwèt imajinasyon ak jwèt tankou poupe, jwe ak ti tonton, oswa blòk konstriksyon.

**Aktivite fizik:** Boule yon ti kras nan enèji sa ki anndan ou nan patisipe nan aktivite fizik anndan kay tankou yoga, detire kò, oswa senp egzèsis tankou vole nan sak oswa pouchòp.

Sonje bay priyorite a sekirite, gen pwovizyon nesèsè yo tou pre, epi swiv nenpòt lòd evakyasyon oswa enstriksyon otorite lokal yo bay pandan yon siklòn. Bòn chans. W ap anfòm!



**Konje Fiskal sou Lavant pou Preparasyon pou Katastwòf**

Fè Rezèv epi #BeReady! (Mete ou Prè)  
Achte Pwovizyon San Taks 1-14 Jen.

The banner features a red background with white and yellow text. It includes icons for a first aid kit, a water bottle, a flashlight, and a roll of paper towels.

## Ekonomize Lajan Bèl. Konsidere Amelyorasyon Izolasyon



W ap chache mwayen pou fè kay ou pi konfòtab, enèji-efisyan, epi gen valè? Youn nan solisyon pi efektif yo se bonjan izolasyon. Lè ou ajoute izolasyon nan kay ou, ou ka jwi de yon pakèt benefis ki ale pi lwen ke jis ekonomize lajan sou bil enèji ou.

Premyèman, izolasyon an ede ou kenbe yon tanperati konsistan ak konfòtab anndan an pandan tout ane a. Li anpeche transfè chalè ant anndan ak deyò kay ou a, elimine kouran lè, zòn frèt yo, ak twò gwo chalè. Sa vle di ou ka jwi de yon espas abitab ki byen chofe oswa klimatize, kèlkeswa sezon an.

E wi, li pwobab pou ou desann nan bil elekrisite chak mwa w la. Ajans Ameriken Pwoteksyon Anviwònman estime ke pwopriyetè kay yo ka ekonomize yon mwayèn de 15% nan kou chofaj ak klimatizasyon lè yo byen izole kay yo.

Anplis de konfò ak ekonomi, izolasyon an tou ka amelyore kalite lè anndan kay la. Izolasyon kreye yon anviwònman pi an sante nan anpech kontaminan deyò, alèjèn, ak patikil pousyè enfiltre lakay ou. Sa espesyalman gen avantaj pou moun ki gen pwoblèm respiratwa oswa alèji.

Izolasyon an tou aji tankou yon baryè son, nan redwi transmisyon bri ekstèn anndan kay ou a. Sa bay yon espas abitab ki pi trankil epi amelyore privasite lè l minimize transfè son ant chanm yo.

Anplis de avantaj sa yo, izolasyon an ka ogmante valè kay la. Kay ki byen izole yo pi atiran pou achtè potansyèl yo paske yo ofri kou sèvis piblik yo atann k ap pi ba epi yon anviwònman abitab konfòtab. Lè ou investi nan bonjan izolasyon, ou ka ogmante valè pou revann kay ou a.

Anplis de sa, izolasyon ofri benefis pou anviwònman an. Lè ou redwi konsomasyon enèji, izolasyon

ede ou redwi emisyon gaz ak efè tèmik ki asosye a pwodiksyon elektrisite, li kontribye nan fason sa a yon avni ki pi dirab. Li redwi tou bezwen pou sous enèji fosil, li konsève nan fason sa resous natirèl yo epi diminye efè chanjman klimatik yo.

Finalman, kèk tip izolasyon ka evite pwopagasyon flanm dife si ta ka gen ensandi alòske lòt tip yo aji tankou yon baryè kont ensèk tankou tèmit, sa ki anpeche yo rantre epi lakòz dega nan kay ou.

Soti nan konfò ogmante ak kalite lè a ki amelyore pou rive nan rediksyon bri, ogmantasyon valè kay la, dirabilite anviwònman, ak pwoteksyon kont dife ak lapès – bonjan izolasyon se yon investisman ki vo lapèn pou nenpòt pwopriyete kay. Anplis de sa potansyèl pou ekonomize yon mwayèn de 15% sou kou chofaj ak klimatizasyon, epi mizajou izolasyon kay ou fè sans, ak santim!

## Nouvo Règ Inondasyon yo Ka Fè w Ekonomize Lajan.



Dènye chanjman lejislatif yo soulaje manda asirans inondasyon pou anpil asire Liy Pèsonèl Citizens. Chanjman yo elimine egzijans kouvèti inondasyon pou kontni (Kouvèti C) kòm kondisyon kalifikasyon ak Citizens. Kwaksa, pale ak ajan ou anvan ou fè nenpòt chanjman.

Asirans inondasyon toujou obligatwa pou lojman (Kouvèti A) ki sou asirans ak kouvèti van ki asire pwopriyete nan Zòn Espesyal Danje Inondasyon. Li obligatwa tou sou lojman ak yon kou ranplasman \$600,000 oswa plis.

Limit \$600,000 ap diminye chak lane jiska 1ye janvyè 2027. Sa se lè tout estrikti yo gen kouvèti inondasyon kèlkeswa kou valè ranplasman an. Pwopriyete inite kondominyòm ak lokatè ki gen asirans, sepandan, pa oblije gen kouvèti inondasyon.

Yon fason pou renouvle asirans ak Citizens, asire ki afekte yo dwe soumèt prèv asirans inondasyon pou Kouvèti A bay ajan yo. Yo ka soumèt prèv sa lè yo soumèt youn nan bagay sa yo:

- Yon fòmilè *Afimasyon Asire Konsènan Asirans Inondasyon* ansanm ak yon kopi deklarasyon asirans inondasyon an
- Yon aplikasyon ki soumèt ak prèv pèman pou kouvèti inondasyon ki annatant

Asire ki gen kouvèti-van sèlman ap bezwen soumèt prèv ke yo gen yon andosman inondasyon oswa asirans inondasyon ki satisfè estanda minimòm de asirans miltirisk yo a.

Si yo te notifiye ou ke ou bezwen asirans inondasyon pou Kouvèti A ak/oswa Kouvèti C, w ap jwenn yon mizajou ki di ou ke chanjman lwa a mande ou kounye a asirans inondasyon sèlman pou Kouvèti A.

Citizens ankouraje ou vizite paj entènèt [Biwo Florida pou Regilasyon Asirans](#) pou plis enfòmasyon sou asirans inondasyon ak pou jwenn founisè asirans inondasyon. Tanpri remake ke gen yon peryòd atant tipikman pou asirans inondasyon antre an aplikasyon, donk ou dwe planifye dapre sa.

Ou ka vizite tou paj entènèt [Inondasyon](#) Citizens pou plis detay ak aksè ak fòmilè obligatwa yo.

Tank panorama asirans la evolye, Citizens kenbe angajman li pou kenbe ou enfòm epi founi sipò pou fè fas a chanjman sa yo. Konsilte ajan w lan pou asire ou gen kouvèti apwopriye pou bezwen ak sikonstans ou.



**CHECKLIST**

1.
2.
3.

**Konnen Kisa ki Kouvri**  
Aprann plis sou **Kouvèti ou**. Planifye yon Revizyon Politik la ak Ajan ou an **Jodi a!**



# Kisa ki nan Kit Ou an?

## Kit Preparasyon pou Siklòn



Glas/pake glas ki ka resèvi pou kenbe manje frèt si gen pàn kouran



Flach oswa lanp ki mache ak pil



Twous premye swen otonòm, sa gen ladan medikaman pou bèt kay yo




Manje ak dlo pou twa jiska sèt jou pou chak moun ak chak bèt kay



Radyo bann meteyo pou siveye alèt meteyo yo



Lajan kach pou acha apre tanpèt la




Batri ak chajè machin pou telefòn yo ak aparèy mobil yo



Jwèt ak atik jwèt



Founiti ak manje pou bèt kay yo



Prela oswa fèy materyèl fleksib enpèmeyab pou sizoka kay ou andomaje



Dokiman enpòtan fwaye a (kontra asirans, dosye vaksinasyon, enfòmasyon bank)



Yon pwovizyon medikaman preskripsyon pou 10 jou pou chak moun nan fwaye a ak yon lis kontak medikal yo

## Rele Citizens First nan 866.411.2742

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap jwenn enfòmasyon byen presi soukontra asirans nan jou lasemèn yo ant 8 a.m. ak 5:30 p.m. ET

[Dezabòne](#)

## myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365

